



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 24 avril 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANGAJMAN ISTORIK A ENÈJI SOLÈ**

### ***Angajman \$1 Bilyon dola a NY-Sun pou sipòte investisman prive a gran echèl nan endistri solè New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon angajman preske \$1 bilyon dola a NY-Sun, sa ki pral pèmèt pou elaji konsiderableman kapasite solè nan tout eta ak transfòme endistri solè New York a yon sektè dirab, san sibvansyon. Inisyativ NY-Sun bay sètitud finansman alontèm ki pral ranfòse biznis ki egziste deja ak atire nouvo investisman pou New York nan konpayi solè global yo pou pi gwo kwasans ekonomik. NY-Sun se yon pati nan angajman Gouvènè a pou pwoteje anviwonman ak diminye frè pou enèji pou tout Nouyòkè yo nan amelyore efikasite ak fyabilite rezo elektrik la.

“Investisman \$1 bilyon dola sa demontre angajman New York pou kwasans ekonomi enèji pwòp,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan bay sètitud finansman alontèm, Eta ap atire investisman sektè prive, kreye nouvo opòtinite ekonomik ak sipòte devlopman dirab. Kòm nap selebre Semèn Latè, yon fwa ankò nou sonje kijan inisyativ tankou NY-Sun ka travay pou bay solisyon inovè, kreye yon rezo elektrik ki pi rezistan ak fleksib, diminye anprent kabòn eta ak pwomote yon anviwonman ki pi pwòp ak pi ansante pou tout Nouyòkè yo.”

“Inisyativ NY-Sun te makonnen avèk detèminasyon yo pou modènize endistri sèvis piblik avanse New York a yon apwòch ki baze sou mache, apwòch desantralize nan politik enèji avanse,” te deklare Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans pou New York. “Nan devlope solisyon mache inovè, Gouvènè Cuomo ap transfòme endistri enèji nou an nan yon sistèm ki pi rezistan, ansante, a bon mache ak dinamik. Jodia, New York vini yon vrè lidè nan devlope politik enèji pwòp nan Etazini.”

New York kounye a gen plis pase 400 konpayi solè kap fonksyone nan Eta de Long Island a Buffalo. Konbine, mache a sa anplwaye plis pase 5,000 travayè ki trè kalifye ap kontinye grandi.

Pou akonpaye inisyativ NY-Sun, Komisyon Sèvis piblik (PSC) jodia te egalman apwouve yon òdonans pou radikalman chanje pwogram solè aktyèl NYSERDA ki baze sou rekonpans nan kreye yon kat wout alontèm pou fè tranzisyon sou pwogram enèji ki pa patwone pa gouvènman a solisyon dirab ki baze sou

mache a pou endistri solè a.

Inisyativ sa yo se yon pati nan etap New York a yon apwòch desantralize ki plis baze sou mache kap fòme politik enèji Eta. Nouvo apwòch sa a pral ede konsève anviwonman, diminye fakti sèvis piblik ak kreye opòtinite pou kwasans ekonomik. Nan devlope solisyon mache inovè yo, Gouvènè Cuomo ap transfòme endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, bon mache ak dinamik. New York rapidman ap vini premye motè nan devlope politik enèji pwòp nan Etazini.

“Komisyon an rekonèt gwo opòtinite enèji solè a ofri kliyan rezidansyèl ak komèsyal pou yo diminye fakti elektrisite epi amelyore anviwonman,” te deklare Prezidan PSC Audrey Zibelman. “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou vizyon fòmida li ak sipò pou ranfòse devlopman resous enèji solè nou yo ak endistri solè nou an. NY-Sun se yon eleman kle nan efò Eta pou bati yon ekonomi enèji vibran, pwòp nan Eta New York.”

Prezidan Asosyasyon Endistri Enèji Solè Eta New York Shaun Chapman te deklare, “Pwogram NY-Sun Gouvènè Andrew Cuomo te kreye pi gwo opòtinite mache pou solè nenpòt kote nan Etazini san eksepsyon. Pou plis pase yon deseni NYSEIA ak manm konpayi li yo te plede pou yon pwogram solè solid. Nan yonsèl tèm, Gouvènè Cuomo te montre kalite lidèchip odasye endistri a ak Eta New York bezwen. NYSEIA ak plis pase 100 konpayi manm li yo kanpe pare pou bay kapital prive, bon travay, ak enèji pwòp pou tout Nouyòkè. Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisyon Sèvis Piblik Eta paske li fè jou sa pi enpòtan nan istwa Solè NY.”

Pou kondwi penetrasyon mache sou baz a gran echèl, lòd PSC bay finansman alontèm, stab pou plis pase yon peryòd 10 ane pou sipòte pwojè fotovòltayik (PV) nan tout eta. Nan fè sa, PSC te apwouve yon tranzisyon a yon “Estrikti rekonpans Megawatt Block” ki pèmèt MW a rejyon spesifik yo nan Eta; divize sib rejyon MV sa yo nan blòk kote rekonpans yo asiye; e prim rekonpans ki baze sou blòk anviyè nan peryòd sa. Nouvo strikti sa pral bay alokasyon sou yon baz rejyonal nan twa kategori: pwojè fotovòltayik rezidansyèl (PV) jiska 25 kilowatts (kW); pwojè non-rezidansyèl PV jiska 200 kW; ak sistèm yo ki pi gran pase 200 kW. Alokasyon yo pral baze sou demann istorik, mache potansyèl enstalè frè pa watt, ak ekite.

Kle pou modèl blòk MW se pou pèmèt mache a grandi a pwòp ritm li, pèmèt yon endistri otonòm alontèm. Kòm blòk yo ap ranpli, rekonpans yo pral bese nan to mache a pral sipòte.

Apwòch Blòk MW bay sètitud ak transparans sou nivo rekonpans a endistri a, kont pou diferans mache rejyonal, bay yon siyal klè a endistri ke New York gen entansyon pou elimine rekonpans lajan kach nan yon delè rezonab ak pèmèt eliminasyon rekonpans sa yo pi bonè nan rejyon kote kondisyon mache a ka sipòte l, baze sou penetrasyon mache a, demann ak rekiperasyon.

Nouvo angajman finansman egalman bay \$3.5 milyon dola pou yon efò edikasyon kliyan sou benefis sistèm PV; pou amelyore konpreyansyon piblik sou plizyè kalite kontra PV, tankou pwopriyete dirèk, kontra lokasyon ak kontra acha enèji; ak lòt opòtinite tankou kominote solè ak storaj enèji.

Haitian Creole

Pou sipòte siksè kontinye endistri solè nan Long Island, ak pou sipòte tranzisyon endistri a soti nan Long Island Power Authority a PSEG Long Island , NYSERDA pral plis pase double alokasyon ki pwopoze a pou rejyon Long Island soti nan \$28 milyon dola pou rive a \$60 milyon, ogmante gwosè maksimòm sistèm elijib PV pou rekonpans jiska 200 KW, e li pral fè patenarya avèk PSEG Long Island pou lokalman enpleman pwogram NY-Sun nan tout eta.

Nan diskou 2012 sou sitiyou Eta, Gouvènè Cuomo te lanse inisyativ NY-Sun pou grandman ogmante kantite kapasite solè ki enstale nan tout eta. Depi lè sa, sou pwogram NY-Sun yon total 316 megawat kapasite fotovòltayik solè enstale oubyen ap devlope toujou pandan de lane ki sot pase yo, sa ki pral evite apeprè 116.000 tòn emisyon gaz greenhouse chak ane. Grasa nouvo politik Megawatt Block la devlopman enstalasyon solè nan eta pral ogmante de fason enpòtan odela reyalizasyon nan ane anvan yo.

Anplis, Gouvènè Cuomo te kontinye demontre angajman l pou sipòte kwasans endistri solè ak diminye pri pwojè yo grasa efò sa yo kòm kominote solè NY, enkli K- Solar, sa ki pral demontre PV nan lekòl yo ak pwojè solè total pou “solarizasyon” tout katye yo..

Administrasyon Gouvènè Cuomo angaje pou devlope solisyon mache inovè pou ede fòm avni enèji a pou tout Nouyòkè yo. Gouvènè Cuomo detèmine pou pwoteje ak asire yon anviwonman pwòp pou jenerasyon aktyèl la ak nan lavni. Nan favorize ak fasilite solisyon mache inovè yo, Nouyòkè yo pral genyen yon sistèm enèji rezistan, pwòp, bon mache ak dinamik. Nan avanse nouvo sistèm enèji ak solisyon, nou ka asire Nouyòkè yo pral amelyore aksesibilite san yo pa sakrifye dwa yo pou viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418